# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–30 मई 2026** **भोजपुरी समाचार**

रक्षामंत्री राजनाथ सिंह आजु मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के साथे लखनऊ में ओन्नईस करोड़ रूपिया क लागति से बनल नौसेना सौर्य संग्रहालय क दुसरा फेरा नौसेना सौर्य वाटिका क लोकारपण कइलें। येह मौका पर आयोजित समारोह के सम्बोधित करत रक्षा मंत्री कहलें कि ई वाटिका कउनों साधारण पार्क नइखे बलुक सबके खातिर प्रेरणा क जगहि हौ।

**आने वाले समय में नौसेना शौर्य वाटिका लखनऊ के लिए एक प्रेरणा स्थल तो बनेगा ही, बल्कि एक टूरिस्ट हब के रूप में यह बनेगा और यह लखनऊ की पहचान बनेगा, यह मेरा पक्का विश्वास है। ये सारी चीजें, मैं मानता हूँ, बढ़ते हुए उत्तर प्रदेश की तस्वीर हैं, जो हमारे मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ जी के नेतृत्व में उत्तर प्रदेश आगे बढ़ रहा है।**

रक्षामंत्री, उत्तर प्रदेस में मजबूत कानून व्यवस्था, विकास अउर निवेश क सराहना करत एकर श्रेय मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ क अगुआई के दिहलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री सज्जो नागरिक लोगिन क आवाहन कइलें कि ऊ सैनिक लोगिन के हमेसा सम्मान दें। मुख्यमंत्री कहलें–

**जब भारत का सैनिक माइनस डिग्री टेम्परेचर में देश की सीमाओं की रक्षा करता है या रेगिस्तान में झुलसती हुई उस गर्मी में भारत की सीमा की रक्षा करता है या समुद्र की उन लहरों का मुकाबला करते हुए भारत की समुद्री सीमा की रक्षा करता है, तब 140 करोड़ भारतवासी चौन की नींद सोता है।**

नौसेना सौर्य वाटिका क लोकारपण समारोह के दुन्नो उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य अउर ब्रजेश पाठको सम्बोधित कइलें। येह मौका पर नौसेना अध्यक्ष एडमिरल दिनेश के. त्रिपाठी, प्रदेस क पर्यटन अउर संस्कृति मंत्री जयवीर सिंह राज्यसभा सांसद डाक्टर दिनेश शर्मा, बृजलाल आ लखनऊ क महापौर सुषमा खर्कवाल के साथे कई गो जनप्रतिनिधि अउर नौसेना क अधिकारी मौजूद रहलें। लखनऊ क सीजी सिटी में विकसित कइल गइल नौसेना सौर्य वाटिका में स्थापित रिटायर्ड युद्धपोत आईएनएस गोमती पर्यटक लोगिन बदे खास आकरसण हौ। सथहीं एइजा देखावल गइल सज्जो हथियार असली हवें।

**********

सरकार, पश्चिम एशिया संघर्ष के नाते वैस्विक ऊर्जा आपूर्ति में बाधा के देखि के सार्वजनिक क्षेत्र क तेल विपणन कम्पनियन के तीस दिन क एलपीजी भण्डार संरक्षित करे क निरदेस दिहले हवे। पेट्रोलियम अउर प्राकृतिक गैस मंत्रालय क संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा बतवले हइनि कि सरकार रणनीतिक भण्डारण के जरिया से ईंधन सुरक्षा मजबूत करे अउर बिना रूकावट आपूर्ति सुनिस्चित करे बदे कार कै रहलि हौ। ओहर, पत्तन, पोत परिवहन अउर जलमार्ग मंत्रालय में निदेसक ओपेश कुमार शर्मा कहले हवें कि दुइ लाख सत्तर हजार मीट्रिक टन कच्चा तेल के साथे वाणिज्यिक पोत निसोस केरोस होर्मुज जलडमरूमध्य से सुरक्षित निकरि गइल हौ।

**********

बीएड संयुक्त प्रवेश परीक्षा बिहने दुइ पाली में आयोजित होई। पहिली पाली सबेरे नौ बजे से दुपहरिया बारह बजे ले अउर दुसरी पाली दुपहर बाद दुइ बजे से संझा पांच बजे ले चली। परीक्षा बदे प्रदेस क बहत्तर जिलन में एक हजार इग्यारह केन्द्र बनावल गइल हौ, जहवां करीब साढ़े चारि लाख अभ्यर्थी परीक्षा दीहें। परीक्षा केन्द्रन पर सुरक्षा अउर निगरानी क खास इंतिजाम कइल जा रहल हौ। बीएड संयुक्त प्रवेश परीक्षा क आयोजन करे वाले बुन्देलखण्ड विश्वविद्यालय क कुलपति प्रोफेसर मुकेश पाण्डेय के हिसाबि से परीक्षा के पुरहर सुचिता अउर पारदर्सिता के साथे पूरा करावे बदे हाईटेक कमाण्ड कंट्रोल रूम बनावल गइल हौ।

**********

आजु हिंदी पत्रकारिता दिवस हौ। बरिस अट्ठारह सौ छब्बीस में अजुये के दिन्ने हिन्दी भासा क पहिला समाचार पत्र उदन्त मार्तण्ड प्रकासित भइल रहे। एगो रिपोर्ट–

**दौ सौ वर्ष पूर्व जब जब देश गुलामी की जंजीरों में जकड़ा हुआ था तब हिंदी में समाचार पत्र निकालना किसी बड़ी चुनौती से कम नहीं था। इस चुनौती को स्वीकार करते हुए पंडित जुगल किशोर शुक्ल ने कोलकाता के बड़ा बाजार इलाके में उदन्त मार्तण्ड समचार पत्र के माध्यम से हिन्दी पत्रकारिता की नीव रखी। उदन्त मार्तण्ड से शुरू हुआ पत्रकारिता यह सफर आगे चलकर स्वतंत्रता आंदोलन का महत्वपूर्ण औजार बना। बदलाव के दौर से गुजरती हुई हिन्दी पत्रकारिता समाचार पत्रों के साथ ही रेडियो, टेलीविजन, डिजिटल मीडिया और सोशल मीडिया के जरिए जनमानस के बीच मजबूत पहचान बना चुकी है। समाचार कक्ष से रितेश।**

हिंदी पत्रकारिता दिवस के मौका पर आजु प्रदेस के कई जिलन में पत्रकार संगठनन की ओरि से गोस्ठियन क आयोजन कइ के पत्रकारिता क इतिहास, वर्तमान अउर भविस्य क सम्भावना पर चरचा कइल गइल।

**********

प्रदेस में बीतल दुइ दिन के दौरान तेज बेयारि चलले अउर बरखा भइले से तापमान में दस डिगिरी सेल्सियस ले क गिरावट दरज कइल गइल हौ। अजुओ कई जिलन में बादर छवले रहल। कुछु जिलन में हल्लुकाहे बरखो भइल। मौसम विभाग प्रदेस के कई इलाकन में बिहने तेज बेयारि के बिच्चे बरखा भइले क अलर्ट जारी कइलस।

**********